Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан



Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод»

sadovoduns@yandex.ru

№ 4 (7248) 27 январь Рузман 2017 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ

# Рагьана «АхIулгохI» мемориалияб комплекс



**20 январалда районалда букIана тарихиябгун культурияб - мемориалияб комплекс «АхIулгохI» рагьиялъул рохалилаб данделъи. Тадбиралда гIахьаллъана Дагъистан Республикаялъул БетIер Р. ХI. ГIабдулатIиповги.**

РФялъул СКФОялъул полномочениясул заместитель Михаил Ведерниковас гIахьаллъаразе цIалана В. В. Путинил салама лъулаб кагъат: «Гьеб комплекс бай ккола нилъер гIамаб тарихалъул гьабулеб кIудияб адабхIурмат, биял тIей риччазе бегьунгутIи ракIалде щвезаби ва гIасрабаз лъугьинабураб халкъазул цолъи, цоцалъ гъунки цIунизе ккеялъул гвангъараб гIаламатлъун.

Дагъистан Россиягун цолъаралдаса ана гIемерал гIелазул къисматги гIумроги цолъараб кIиго гIасруялдасаги цIикIкIараб заман. Гьеб заманалда жанир нилъер халкъаз цадахъ рекъон къвинаруна гIемерал захIмалъаби, цIунана ва цебе бачана нилъерго ВатIан, 1999 соналда цадахъ рахъана терроризмалде данде ва цIунана пачалихъалъул территория. Гьел лъугьа-бахъиназ нугIлъи гьабула нилъ цоцадаса тIоларел, цогояб тарихалъ цоцада рухьарал, гIахьалаб тарихалъул халкъ букIин. Дун ракI чIун божарав вуго хадубккунги нилъеца цадахъ рекъон кинабго гьабилин нилъерго ВатIан цебе бачиналъе ва щула гьабиялъе»,- ян абулеб буго саламалъулаб кагъаталда.

Данделъаразда цеве кIалъазе вахъана Дагъистаналъул муфтий АхIмад-ХIажи ГIабдулаев: «Жакъа нилъ гьанир – нилъее киназего хирияб АхIулгохIде ракIарун руго 1839 соналъул июнь-август моцIаз вахIшиял рагъазулъ шагьидлъарал мюридзабазул хIурматалда бараб мемориалияб комплекс рагьиялъул мурадалда. Гьаб гохIда гьечIо квер лъезе бакIги тIад мюридазул би гIодобе тIечIеб. АхIулгохI диналъухъ ва миллаталъухъ балагьичIого киналго россиялъулазе ва дагъистаниязе ккола бахIарчилъиялъул ва къо хIехьеялъул абадияб нугIлъун. Щайгурелъул гьенир рагьана мюридал жидерго дин ва чияда рачIолъи цIунун, рагьана рикIкIадаб Россиялдаса рачIарал солдатал жидерго тIадаб борч тIубазабулаго. Имам Шамилица лъазабуна – «гIумро гьабизе ккола Россиягун цадахъ». Гьесда - цIар рагIарав полководец, гIалим, гIакълу цIикIкIарав политикасда лъидасаго лъикI лъалаан халат бахъараб рагъуе ахир лъезе гьеб цого-цо битIараб хIукму букIин.

Шамилица дунялалъул киналго церетIурал халкъазда бичIчIизабуна магIарулазда Аллагьасе какал разеги, рагъизеги, рекъезеги, ВатIаналъул унго-унголъ патриоталлъун рукIинеги кIолеблъи. АхIулгохIда гьаб мемориалияб комплекс рагьи ккола киналго рагъаздасаги дагIбакъецаздасаги ракълилаб гIумро лъикIаб букIин бихьизабилъун.

Щибаб соналъго гьанире зияраталъе рачIунаан нус-нус зияратчагIи. Амма гьанжелъизегIан гьаниб гьезие букIинчIо кинал рукIаниги санагIалъаби. Гьале гьанже Дагъистаналъул БетIер Р. ХI. ГIабдулатIиповасул бетIерлъиялда ва гьесул хIаракаталда байбихьана комплекс базе. РикIкIарал моцIазда жаниб бан рагIалде бахъинабуна гьеб ва АхIулгохIил гьумер тIубанго хисана лъикIаб рахъалдехун. Киназего гIахьалаб, тарихияб бакI чIаго гьабуралъухъ, дуе, Р. ХIажимурадович ракIалъулаб баркала. Биччанте мун ТIадегIанав Аллагьасда, гьаб лъикIаб ишалъухъ ракIалде щвезе»,-ян абуна муфтияс.

МахIачхъалаялъул ва Грозниялъул епископ Варлаамица тIадчIей гьабуна жакъасеб тадбиралъул бугеб кIваралда. «Нилъеца кIодо гьабулеб буго ВатIаналъе гIоло хварал бахIарчиял рагъухъабазул хIурматалда бараб мемориалияб комплекс рагьи. ГIодобе тIуна вацазул биял, щайгурелъул гьезда – нилъер умумазда лъалароан заманалдасан нилъер цогояб ВатIан букIине букIин. Гьел бахIарчиго рагьана жидерго рукъалъе, жидерго диналъе гIоло. Жакъа гьезул бахIарчилъиялъ нилъеда бицунеб буго дандечIеялъ кидаго тушманлъиялде рачунареблъи. Гьанир рагъулаго рухIал къурал дагъистаниязги гIурусазги щулияб къучI лъуна нилъер ВатIаналъул цолъиялъе ва цадахъ рекъон гIумро гьабиялъе. Гьеб нилъеда бичIчIизе ккола. Даимаб рецц киналго гьанир рагъаразе, гьел рукIана унго-унголъ патриотал. Гьеб патриотизм жакъаги хIажат буго нилъеца киназего эркенаб ва цебетIураб пачалихъалда гIумро гьабиялъе».

Жиндирго рахъалдасан Дагъистаналъул бетIерес абуна: «Нилъер рухIиял нухмалъулез абурал рагIабаздасан нилъеда бичIчIуна; нилъ гьабулеб дина лъухъ, миллаталъухъ балагьичIого церехун иналъе хъвараб лозунг гIадинал рукIана гьезул кIалъаял. Жакъасеб цолъи ккола нилъеца умумазухъе гьезие бугеб къарз тIадбуссинаби гIадаб иш. Тарихалдаса мунпагIат босизе ккола щивас ВатIан щула гьабиялъул мурадалда».

Республикаялъул бетIерас баркала загьир гьабуна Дагъистаналъул муфтий АхIмад-ХIажиясе ва епископ Варлаамие. Гьединго гьес ракIалде щвезаруна Президент В. В. Путиница щибаб санайилаб посланиялда абурал рагIаби. «АхIулгохI» мемориалияб комплекс букIине ккола нилъер халкъазул гьудуллъи ва вацлъи щула гьабулеб бакIлъун, гIаммаб ракIалде щвеялъул мемориал абуни букIине ккола къисмат щула гьабиялъул гIаламатлъун»,-абун.



Жиндирго иргаялда миллатазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул агенствалъул нухмалъулев И. Бариновас тIадчIей гьабуна АхIулгохI цохIо Дагъистаналъе гуребги тIубараб Россиялъего кIвар цIикIкIараб бакI букIиналда. «Нилъер тарихалда рукIана гIемерал талихIкъосарал лахIзатал. Кавказалъулаб рагъ ккола гьединаздасан цояб. 177 соналъ цебе гьаниб ккараб лъугьа-бахьиналъ бихьизабуна Россияги Дагъистанги кидаго цадахъ рукIине ва цере ине ккеялъул. Нилъер умумаз гьабуна жидерго тIаса бищи – кидаго цадахъ рукIине ва гьелдаса хадуб киданиги нилъеца хвезабичIо умумазул гьеб хIукму. Гьаниб ккараб вахIшияб рагьги, рагьул гIахьалчагIазул къвакIиги къо хIехьейги рекIелъ цIунун, нилъеда ракIалде щвезе ккола кIудияв имамасул васият «Киданиги Россиягун рагьуге»,-абураб.

Художник Франц Рубол дунялалдаго цIар рагIараб «Штурм аула АхIульго» панорама музеялда аслияб бакI кколеб шедевр букIинги бихьизабулаго гьес абуна: «нилъ гьалъухъ балагьизе ккола цохIо аралъе къимат кьолеб картинаялъухъ гIадин гурел, бачIунелъе гвангъараб нух бихьизабулеб маякалъухъ гIадинги»,-абун.

(Ахир 2 гьумералда)

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 4 (7248)*

*27 январь 2017*

*2 гьумер*

Гъурун бараб халкъалъул
Угьи-зигара буго,
ЦIцIадал ран иххал щвечIел
АхIулгохIалъул гонгахъ.
Гъурараб гIаламалъул
Бидул хIорал рихьула,
Гьел къояз гохI бихьарал
Лъавудаса инаан.



# Рагьана «АхIулгохI» мемориалияб комплекс

Жиндирго кIалъаялда Общественнияб Организациялъул Советалъул председатель Светлана Смирновалъ тIадчIей гьабуна «АхIулгохI» абураб тарихиябгун-культурияб комплекс бугин Россиялъул халкъаз биял гIодоре тIей ва рагъал риччангутIиялъе бугеб символлъун. Бицен гьабулеб бугеб мемориал ккола нилъер цадахъаб тарихалъул памятник ва калам тун гьеб киналго россияналъулазе букIине ккола нилъер умумаз ирсалъе тараб вацлъия лъул нухлъун. КIудияб кIвар буго гьелъул нилъерго тарихги лъан нилъ цадахъ церехун иналъе, халкъазул гьудуллъи щула гьабиялъе».

Светлана Смирновалъ баркала загьир гьабуна республикаялъул БетIер Рамазан ГIабдулатIиповасе памятник баралъухъ ва Россиялъул Президент В. В. Путиние гьелъул рахъ ккуралъухъ. «Гьалъул кIудияб кIвар буго нилъер пачалихъалъе, щайгурелъул жакъа тIолабго дунялалъулго аренаялда Россия лъул аслияб масъала ккола дунялалда рекъел букIинаби »,-абун бихьизабуна гьелъ.

Жиндирго иргаялда Пачалихъияб Думаялъул депутат Бувайсар Сайтиевас лъазабуна: «Жакъа гьанире нилъ киналго ракIарана кIудияв имам Шамилица. I77 сонидасанги нилъ данде ракIаризе гIураб къуват бугев цевехъан нилъер вукIараблъиялдаса нилъ – Кавказалъул бусурбаби чIухIизе ккола. Гьесул хIурматалда бана Россиялъулго кIвараралъул памятник. Гьелъ бихьизабула Шамилида сверухъ Дагъистаналъулги Чачаназулги лъикIаздаса лъикIал васал ракIарун рукIараблъи. Хадурккунги нилъ цере тIезе ккола кIудияб Россиялъулаб пачалихъгун цадахъ».

КIалъазе вахъарав Халкъазда гьоркьосеб славяназул академиялъул ректор Сергей Бабуриница бихьизабуна гьадинал тарихиял бакIаз нилъ лъалхъинаризе, ахIвал-хIал цебе чIезабизе ва ургъизе тIамизе кколин, нилъер умумаз нахъа тараб нухдасан унаго нилъецаго гьалатIал риччачIого рукIине, гIумро гьабизе кколин гьезул насихIатазда рекъон, ракIалда чIезабизе кколин халкъалъул тIалабал сундасаго тIадегIанал рукIин.

КIалъазе рахъарал Россиялъул БахIарчи, мустахIикъав летчик-испитатель МухIамад ТIолбоевас ва районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадовас ракI-ракIалъулаб баркала кьуна регионалъул нухмалъулесе гьадинаб мемориалияб комплекс баялъе квербакъаралъухъ.

Тадбиралъул ахиралда рохалилаб ахIвал-хIалалда лента къотIун хадур Рамазан ГIабдулатIипов гьалбалгун цадахъ балагьана музеялъухъ.

# Баркала, «АхIулгохI» даимлъизабуралъухъ!

(Комплекс рагьулаго ГI. НурмухIамадовас гьабураб кIалъай)



ХIурматияв Рамазан ХIажимурадович!
Хириял гьалбал, ракьцоял, гьаб мероприятиялъул гIахьалчагIи!

Дун кутакалда вохарав вуго гьаб баракатаб ансадерил ракьалда нужее салам кьезе щвеялдаса. Гьаб буго кIиго кIудияв имам ГъазимухIамадил ва Шамилил, цIа гIадав революционер, жиндир цIар нилъер тахшагьаралда лъурав МахIач Дахадаевасул, цIар рагIарав поэт-лирик ХъахIабросулъа МахIмудил, цIар арал гIадамазул, росдал магIишаталъул хIалтIухъабазул ВатIан.

Расул ХIамзатовас абуна: АхIулгохIде щвечIев магIарулав бащдав магIарулав ккоилан. Щайгурелъул районалъул территориялда бугеб АхIулгохI машгьураб букIун Кавказалда гуребги, гьеб бахун къватIибехунги.

ТIубараб Россиялдасаго ва дунялалдасаго гьанире рачIуна нус-нус зияратчагIи. АхIулгохIда ккараб рагъ лъугьана кIвар цIикIкIараб, Кавказалъулго рагъулъ хисабаси ккезабураб рагълъун. АхIулгохI буго гIемерал магIарулазулги гIурус солдатазулги би гIодобе тIураб бакI. Гьаниб тарихалъул заманаялъул тIалабазда рекъонги, рес къотIиялъги рагъизе ккана гIумроялъе гIоло гурел хвалие гIоло. АхIулгохIалъул кIвараралъе къимат кьезе кIоларо, гьеб кIудияб буго. Гьелъул кIодолъиялъул кIвар буго тIубараб пачалихъалъего, щайгурелъул АхIулгохI лъугьана кIиго бахIарчияб халкъалъул гьудуллъиялъул кьучIлъун. Гьаб балагьулеб башнялъул борхалъудасан рихьула киналго рагъал ккарал бакIал, цебе чIезабизе рес буго мюридазулги солдатазулги бахIарчилъилъул, къо хIехьеялъул лах1затал.

Рамазан ХIажимурадович ГIабдулатIипов республикаялъул БетIерлъун вачIаралдаса гIемераб хиса-басил ккана республикаялда. Гьесул бихьизабиялда рекъон араб соналдаса нахъе АхIулгохIда унел рукIана мемориалияб комплекс баялъе хIалуцарал хIалтIаби. Гьаб гьанжеялдаса нахъе хутIизе буго Россиялъулги Кавказалъулги халкъал цолъизарулеб памятниклъун. АхIулгохI букIана ва букIине буго киналго бусурбабазе чIухIилъун. Жакъа абуни АхIулгохI лъугьун буго кIиго халкъазул гьудуллъиялъул ва цоцада ричIчIиялъул, тIаса бищараб цо нухдасан иналъул символлъун.

Жакъа дие бокьун буго киналго районцоязул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркала кьезе киналго комплекс бая лъулъ гIахьаллъаразе. Баркала республикаялъул БетIер Рамазан ХIажимурадович ГIабдулатIиповасе, гьесул кумекалъухъ, рахъ кквеялъухъ. Баркала республикая лъул муфтий АхIмад-хIажи ГIабдулаевасе, баркала бакIал ралезе, районазул бутIрузе, нужеца гьабураб гIарцулаб кумекалъухъ. Баркала киназего бегьараб кумекалъулаб кверлъухъ. Гьединго кIудияб баркала жакъа гьанире нижер рохел гIахьал гьабизе рачIаразе. Ниж кидаго рохарал руго нужгун дандчIвазе, нуж рихьизе нижер гьаб гьалбал хирияб Унсоколо районалъул ракьалда. Киназего гьарула сахлъи ва битIккей!

**АхIулгохIил хIакъалъулъ**

## Гьабищ доб АхIулгохI?



Гьабищ доб АхIулгохI… магIарул УхIуд,
МагIица халкъалъул гьумер чурараб.
Гьабищ доб, дир гьудул, дир умумаца
Аллагь тун нахъияб нахъегIан тараб?
Гьанибищ букIараб кIкIуйдул цIураб зоб
ГьитIинаб магIарул дир миллаталда?
Гьанибищ гIарада гIергIезабураб,
ГIагараб Дагъистан, дур керепалде?
Гьанивищ гIодарав гIурус генерал,
ГIещдерил ганчIиде бетIерги къулун?
Гьанибищ бичIчIараб магIарул иякI
МагIида далараб ханжар гуреблъи?
Гьанивищ туркIарав тIоцеве пача,
ТIуралареl жиндир мурадал рихьун,
БетIергьан гьазие хIалае вахъин
ХIаладалъун жинда бичIчIараб гIадин?

**ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА**

## *БахIарчияб тарих*

Мун, гъазаваталъул борхатаб хъала,
ИчIнусго мюридас гIодой би тIураб.
Буссурманлъиялъул тIокIаб зиярат
Динул-исламалда кIиабилеб хIеж.
ТIад чIванщинав мюрид ракьулъ вукъичIеб
Ракьгун гьел журарал чIагоял хобал.
Мажгитги тIаде тIун, рукъарал лъимал,
Бидул иххаз лъалъан, багIарлъараб гохI.
АнцIазарго солдат сверунги тIамун,
ТIухьидул цIад барал цIадулал къоял.
Гьоркьлъалие лъимал тушманасги ун,
Руччабазул магIу бакъвачIел къоял.
ТIаде квен гьечIого ракъарал боял,
Лъадалъ балкан батун, къечарал лъудби.
Тушман дандчIвазегIан хвезе кколилан
ПатIи гIоралъ араб гохIил рагIаллъи.
Тушманасул гуллид сверунги басун,
Дур кьурул хъинсазда лъун ругел ругьнал.
Сверухълъи бихьулеб Сурхайил башня
ЧIагояб памятник бугилан ккола.
Гьабураб къотIуе тушманги хисун,
Аллагьасде Шамил гьардараб хьонлъи,
Эбел чIварав СагIид мугъзадаги чIван,
ГIорда тIасан имам кIанцIараб рагIал.
Шамил цеве чIедал хIайранлъун ккарал,
Гучав пачаясул согIал солдатал.

РухI босулев СагIид ракьалдаги лъун,
Аллагьасе щукру гьабурав имам.
Ращад гьечIеб рагъда кверде аниги
РекIел божиялъе хисичIев Шамил.



Пачаясда цеве кIалъалелъулги,
Какий бакI цIехарав, цIар арав имам.
Огь, АхIулгохIалъул бухIараб тарих,
ГьебгIан бахIарчияб гьечIо ракьалда.
Мун дир умумазул чIагояб музей,
ГIасрабаз хвеларо, дур цIаги цIарги.

***Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.***

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 4 (7248)*
*27 январь 2017 сон*



**Садовод**

Страница в номере



# Внимание налогоплательщики!

Каждое лицо имеет право обжаловать акты налоговых органов ненормативного характера, действия или бездействия их должностных лиц, если, по мнению этого лица, такие акты, действия или бездействия нарушают его права.

Нормативно правовые акты налоговых органов могут быть обжалованы в порядке, предусмотренном федеральным законодательством.

Разделом VII гл. 19, ст. 137-142 Налогового кодекса РФ предусмотрено порядок и сроки обжалования актов налоговых органов действия или бездействия их должностных лиц, а также порядок и сроки их рассмотрения.

Межрайонная инспекция ФНС России № 10 по Республике Дагестан доводит до сведения налогоплательщиков, что согласно приказа МРИ ФНС России № 10 по РД № ХА-58 от 20.03.2006 г. **на правовой отдел инспекции возложены функции по рассмотрению заявлений и жалоб налогоплательщиков на действия (бездействия) должностных лиц налоговых органов, на акты ненормативного характера, а также возражений (разногласий) по актам налоговых проверок, назначенных и проведенных инспекцией.**

Преимуществом досудебного урегулирования налоговых споров является:

Во – в первых, предусмотрен упрощений порядок подачи апелляционной жалобы. Жалоба подается в налоговый орган по месту налогового учета налогоплательщика.

Во- вторых, жалобы рассматриваются вышестоящим налоговым органом быстрее, чем при проведении судебной процедуры (п.6 ст. 140 НК РФ) один месяц со дня ее получения, а судебном порядке п. 1 ст. 152 АПК РФ три месяца со дня поступления заявления и может затянутся более года.

Еще одно немаловажное преимущество по сравнению с судебным разбирательством – это безвозмездный способ урегулирования спора.

Так, рассмотрение жалобы в административном порядке осуществляется бесплатно, а по делам рассматриваемом в арбитражных судах, уплачивается госпошлина пп. 3 п. 1 ст. 333.21 НК РФ.

Подача апелляционной жалобы автоматически приостанавливает исполнения решения о привлечении к ответственности (об отказе в привлечении к ответственности) до момента принятия решения по жалобе вышестоящим налоговым органом.

Конфиденциальность рассмотрения споров в досудебном порядке позволяет сохранить деловую репутацию налогоплательщика.

Деятельность досудебного аудита направлена на обеспечения единого подхода при проведении контрольных мероприятий, рассмотрении материалов налоговой проверки и позволяет исключить системные нарушения, что ведет к сокращению немотивированных налоговых споров.

С 01. 01. 2014 года в соответствии п. 2 ст. 138 НК РФ, в редакции Федерального закона РФ №153-ФЗ от 02.07.2013 г. «О внесении изменений в части первой НК РФ», применяется обязательный досудебный порядок обжалования любых ненормативных актов налогового органа, действий или бездействий их должностных лиц.

В силу ч. 5 ст. 4 АПК РФ, если определенной категории споров федеральным законом установлен претензионный или иной досудебный порядок урегулирования либо он предусмотрен договором, спор передается на разрешение в судебном порядке только после их обжалования в вышестоящий налоговый орган.

В связи с этим сообщаем, что налогоплательщики с заявлениями и жалобами на действия (бездействия), на акты ненормативного характера, а также с возражениями (разногласиями) по актам выездных налоговых проверок могут обратиться по адресу: **368948, пос. Шамилькала, Унцукульский район, Межрайонная инспекция ФНС России № 10 по РД (правовой отдел, кабинет № 109, e-mail I 0533 @ m 33.naIog.ru)**

**А. ГАДЖИМАГОМЕДОВ**
**Начальник правового отдела**

Республика Дагестан
Муниципальное образование «пос. Шамилькала»
Унцукульский район
Собрание депутатов городского поселения РД
Унцукульского района пос. Шамилькала

от 28 декабря 2016 года № 6

**РЕШЕНИЕ**
**об избирании главы муниципального образования городского поселения «поселок Шамилькала»**

В соответствии с частью 2 статьи 30 Устава муниципального образования городского поселения «поселок Шамилькала» на основании решения конкурсной комиссии и по результатам конкурса по отбору кандидатур на должность главы городского поселения, Собрание депутатов

**РЕШАЕТ**

Избрать главой муниципального образования городского поселения «поселок Шамилькала» Гаджиева Малагусена Магомаевича, 09. 05. 1974 года рождения, образование высшее, проживающего в сел. Унцукуль, Унцукульского района РД

**М. МАГОМЕДОВ.**
**Председатель Собрания**

## В Дагестане открыли итальянский завод керамической плитки за 1,5 млрд. рублей

В Дагестане открыли итальянский завод керамической плитки за 1,5 млрд. рублей.

Кнопку пуска предприятия «Мараби» 23 января нажали Министр Российской Федерации по делам Северного Кавказа Лев Кузнецов и глава Дагестана Рамазан Абдулатипов.

Глава Минкавказа высоко оценил значимость запуска нового завода для развития экономики Дагестана. Ежегодно республика будет получать 86 млн рублей благодаря налогам. Производство даст более 200 вакансий. Проект по производству керамической плитки был начат в 2014 году. Сейчас на нём выпускается 2,5 тысячи квадратных метров плитки. В перспективе завод будет выпускать более 6 тысяч кв. метров качественной продукции.

«Важно, что на всех этапах реализации этого проекта есть поддержка и координирующая роль со стороны Министерства РФ по делам Северного Кавказа и лично Министра Льва Кузнецова», – сказал глава РД Рамазан Абдулатипов.

Министр, в свою очередь, выразил благодарность итальянским партнёрам за то, что в сложные для Дагестана времена «они пришли и поверили, вложили деньги и сегодня получили такое производство». Строителей Лев Кузнецов поблагодарил за то, что они построили непростое, с точки зрения технологических процессов, предприятие. Объём инвестиций в проект достиг почти полутора миллиардов рублей. В 2018 году «Мараби» планирует запустить вторую производственную линию завода.

## «Электронный гражданин» проект



Главная цель проекта - повышение электронной грамотности населения. Данный проект реализуется во исполнение программы приоритетного проекта развития республики Дагестан « Эффективное государственное управление».

Для того чтобы государственные услуги вы можете обратиться в орган власти, в МФЦ или зарегистрироваться на сайте Госуслуги. Регистрация граждан на портале государственных услуг дает возможность гражданам получать государственные и муниципальные услуги в электронном виде, не выходя из дома.

Портал госуслуг помогает решить множество задач, на которые обычно тратится куча сил и нервов. Например: записаться на прием к врачу, снять с учета автомобиль, получить информацию о наличии штрафов за нарушение правил дорожного движения, проверить налоговую задолженность, получить загранпаспорта и многое другое. Учащиеся школ получают возможность проверить в электронном виде результаты ГИА ЕГЭ.

Сегодня на портале в электронном виде доступно 511 услуг. Это означает, что услуга полностью, включая получение результатов, осуществляется через интернет. Для ее получения не требуется бумажных носителей (документов, справок, заявлений и так далее) и личного присутствия гражданина в ведомстве, оказывающем услугу.

Преимущество регистрации на портале госуслуг через МФЦ в том, что вы моментально получаете пароль дающим доступ к услугам. Если же проходить эту процедуру самостоятельно, вам придется дождаться заказаного письма с паролем, отправленного «Почта России». За последний год через филиал МФЦ в Единой системе идентификации и аутентификации зарегистрировано - 149,630 человек.

МФЦ республики Дагестан в рамках проекта «Электронный гражданин» проводит выездные акции информирования и выездные приемы документов для открытия личных кабинетов граждан на Едином портале услуг.

# Школазул нухмалъулезулгун дандчIвай



24 январалда райадминистрациялда букIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулги экономикияб рахъалъ зам. С. АрулмухIамадовасулги школазул нухмалъулезулгун дандчIвай. Гьениб гьоркьор лъуна школалъул гIумроялда хурхарал гIемерал суалал, гьездасан кIвар цIикIкIараблъун букIана электроэнергиялъухъ гIарац кьей ва школазда хинлъи чIезаби.

Школазул нухмалъулелгун кIалъалаго ГI. НурмухIамадовас кIвар буссинабуна лъай кьея лъул бугеб ахIвал-хIалалде. «Дие лъазе бокьун буго школазда ругел хIасилаздаса рази ругищ гьелъул коллективал, цIалдохъабазул эбел-эмен, цIалуда хурхун ругищ захIмалъаби»,- абун суал кьуна бетIерас школазул нухмалъулезе. – Араб соналда цIалуда хадургъеялда хурхун лъикIал хIасилал рихьизаруна нужеца, амма ккарал хIасилазда гIей гьабун чIезе бегьуларо. Жеги лъикI хIалтIизе ккола, камуларо лъай кьеялъулъ тIадеги гьаризе хIажатал хIалтIаби.

Хадуб районалъул бетIерас ракIалде щвезабуна гьаб соналъул 20 январалда АхIулгохIда мемориалияб комплекс рагьанин. –Гьединал тадбирал тIоритIи Дагъистаналъул районазда гьанже кьанагIатаблъун кколарин. Гьес школазул нухмалъулел ахIана цIалулъ лъикIал хIасилазе гIоло къеркьезе, районалда кколел лъикIал хиса-басиязулъ гIахьаллъизе.

С. АрулмухIамадовас цIикIкIун кIвар буссинабуна школазда бухIараб электроэнергиялъухъ къокъал болжалазда гIарац кьеялде. Гьенибго гьес бихьизабуна гьеб заманалда кьеялъе квал-квал гьабунин республикаялъул бюджетадаса заманалда гIарац бачIунгутIиялъ, бихьизабуна гьел захIмалъаби къокъал болжалазда лъугIизаризе кколин ва гьелъие гIарац рехун бугин.

Совещаниялъул хIасилазда хурхун тIадал гIадамазе тIадкъаялги кьуна.

# Кровать розеткаялда аскIоб лъоге



*(Макъу щунгутIи, мигрень ва даимаб свак букIине бегьула рукIа-рахъиналъул приборазул гIайиб)*

Технический цебетIеялъ нилъ рачана тIубанго электромагнитнияб полеялде; кухнялда гьалдолеб буго чайник, хIалтIулеб буго холодильник, микроволновка, цояб рокъоб - телевизор, компьютер, щивасухъ руго телефонал. Гьеб кинабго хIалтIула розеткаялда чIван, кьола излучение. ГIалимзабаз чIезабун буго гьелъ гIадамасул сахлъиялъе зарал кьолеблъи, цIакъго х1ал ккола нервабазде, иммунияб системаялде, эндокринияб ва половияб системаялдеги. Байбихьулал гIаламаталлъун ккола свакай, ццим бахъин, макъу тIури, ракIалда жо чIей хвей. Кидагосеб гьеб асаралда гьоркь организмалъул дандечIеялъулаб къуват хехго хола. Цо-цояз рикIкIуна гьел гьадинго ургъарал жал ругин. Гьедин батани хал гьабизин хIакьикъаталъул. Италиялъул гIалимзабаз чIезабун буго электроннияб полеялъ лъимал гьарунгутIиялде рачине бегьулеблъи. Бищунго цебе гьеб функциялъе зарал кьезе бегьула руччабазеги бихьиназеги. США-ялда чIезабуна гIадалзул нахалда тIад гьелъ гьабулеб асаралъул. Бищунго цIикIкIун мозгалда рак унти ккезабулеб буго радиотелефоналгул ва радиопередатчикалгун хIалтIулезул. Шведазул гIалимзабаз бихьизабуна кидаго компьютералда хIалтIулел лъимаде ругел руччабазул цIикIкIун лъимер рехи ккола, яги гIемерисел лъимал нервабазул системаялъул захIмалъаби ругел гьарулин.

Щибха гьабилеб? НахъегIанги чIун хIалтIизаре гьел. ХIалтIулеб микроволновкаялда аскIор чIоге, розеткабазда аскIор къижуге, мебелги электроприборалги ритIун лъе, кровать лъоге холодильник, телевизор, копьютер лъураб къадада аскIоб. Несущиял къадазги кколаро гIодобегIанаб частотаялъул электромагнитнияб излучение. МадугьалзабазулгиН ругищ нужер рукъалъул къедалда цере лъурал гьел алаталали хал гьабе. Розеткаялдаса электроприборал рахъизе кIвахIаллъуге. Номер бищулаго ва зарядкаялда чIван букIаго телефон гIинда чIваге!



## Заманаялъул къиматги гьабун

*Дудаго гIайибал чIваге бусенкъайиялда иту бахъизе заман тIокIлъичIилан. Гьеб гьабизе врачаз гьукъула. ГIилла ккола гье лъул аслияб функция - нилъеда бараб гIетI гьорлъе цIцIуй букIин. Иту бахъун хадуб гIетI цIцIулеб свойство хола хамил.



* Черолеб машинаялъуб чурарал шторал гьебсагIатго ракъвазе рани, гьел иту бахъун ритIизаризе бигьалъула. Гьединго черолеб машинаялъул режим тIаса бище отжим «Без складок», яги бищунго дагьаб мощносталда. Шторал ракъвала жиндирго бакIлъиялъ ритIа-ришизарун. Ххам цIакъго биццатаб бугони, лъугьарал гурарал бакIал ритIизаризе бегьула рарал бакIаздаго пар речIчIизабун.

* ХIалхьиялъул къоялъ рукъалъул щивав чиясе хIалтIи бикье, цояс мусор рехизе, цояс рагI-мач чуризе, цояс пылесос биччазе ва гь. ц. Щивас рукъалъул дагьабго хIалтIи гьабуни киназего хIалхьи гьабизе заман хутIула.

Щивасе талихIаб батаги ЦIияб сон!

## ЦIар рагIарал гIадамазул хIакъалъулъ

* * *

Цо заманаялъ Марк Твен хIалтIулев вукIана цо журнала лъул бетIерав редакторлъун. Цояс гьесухъе бачIуна «Щай дун чIаго вугев?»,-абураб цIаралда гьоркь кучIдузул тIубараб пачка.

ЛъугьинчIев кIочIохъанасухъе нахъ руссинарулел кучIдузда Марк Твеница хъван букIана «Щайгурелъул дуца кучIдул почалда ритIун рачIун, мунго редакциялде вачIинчIого»-абун.

* * *

Французазул машгьурав хъвадарухъан О Норе де Бальзакица жиндирго романал хъвалаан гIицIго къасде, анлъго свечаги бакун. Канлъул чIор рокъобе бачIинчIого букIине горда ран рукIунаан рицщатал шторал. Гьес рикIкIунаан гIицIго къасде гурони жив гIодове виччан хIалтIизе толарилан, сагIтил стрелкаби цере-нахъе рачунаан, къо сордоялде свериза булаан.


| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района Главный редактор Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район пос. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru | Адрес издателя: г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21 Подписано в печать 1. 26.17 г. 18.40 фактически -18. 50 мин. ....................................... Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз. |
|---|---|---|---|